



Teknik Lakou  
Kajou pou  
Anseyan  
pou  
aprantisaj sosyo  
emosyonèl

2021 fevriye

# Plan Kontni a

Entwodiksyon .....	2
Kòman pou nou itilize videyo sa yo ? .....	2
Rezime tèm yo .....	3
1. Akeyi elèv yo.....	4
2. Mesaj enspirasyon pou aprantisaj sosyo emosyonèl .....	5
3. Pran responsabilite nan klas .....	6
4. Boul lapawòl .....	7
5. Bese nan nivo elèv yo.....	8
6. Aktivite tranzisyon aprè rekreyasyon .....	9
7. Respire byen fon .....	10
8. Aktivite mouvman .....	11
9. Mande elèv yo gide aktivite .....	12
10. Panse pozitif.....	13
11. Ankouraje yon mantalite kwasans.....	14

Gid sa te vin kreye gras a yon patenarya CRS (Catholic Relief Services) ak BBC (Blue Butterfly Collaborative) ki ta vle ankouraje lòt moun sèvi avèk li. Tanpri si n ap repwodui li rekonèt nou kòm sous ak mo sa yo :

Teknik Lakou Kajou pou Anseyan pou aprantisaj sosyo emosyonèl [Lakou Kajou Teaching Tips for Promoting Socio-emotional Learning]. February 2021. Catholic Relief Services ak Blue Butterfly Collaborative.

## Entwodiksyon



Teknik Lakou Kajou pou anseyan pou aprantisaj sosyo emosyonèl se yon seri ti videyo kout. Chak videyo dire mwens ke de minit. Chak videyo gen yon mesaj motivasyon pou ede anseyan yo kreye yon klima pozitif nan klas yo epi favorize aprantisaj sosyo emosyonèl.

Aprantisaj sosyo emosyonèl se yon pwosesis pou devlope kapasite timoun yo pou jere emosyon yo, etabli bon kalite relasyon ak lòt moun, epi pran desizyon responsab pou lavi. Anpil rechèch demontre ke timoun ki ka idantifye ak jere pwòp emosyon pa yo ap kapab entègre pi efektivman nan sosyete a, epi ap pi byen pare pou bati lavni yo. Ansèyman konpetans sosyo emosyonèl sa yo gen menm enpòtans ak konpetans lekti, matematik, e latriye.

Aprantisaj sosyo emosyonèl pa yon lòt matyè ki endepandan de lòt yo . Li pa ni yon evènman, ni li pa yon aktivite paraskolè. Li se yon aspè nan aprantisaj ki antre nan tout matyè e ki pral ede chak grenn elèv aprann pi byen. Anseyan yo gen devwa pou yo devlope aprantisaj sosyo emosyonel lakay tout timoun nan klas la.

## Kòman pou nou itilize videyo sa yo ?

Chak videyo mete anfas sou yon tèm nan aprantisaj sosyo emosyonèl ki pèmèt anseyan yo entegre li nan ansèyman yo an jeneral. Videyo sa yo te kreye pou sèvi kòm yon resous siplemantè nan fòmasyon ki gen pou objektif ede anseyan yo entegre aprantisaj sosyo emosyonèl nan klas yo. Videyo sa yo ka itil pou montre yon nouvo estrateji oubyen ranfose yon teknik yo deja te aprann. An plis, si gen fòmasyon k ap fèt sou aprantisaj sosyo emosyonèl ak konstriksyon yon klima pozitif nan sal klas la, ou ka mete yo nan pwogram fòmasyon anseyan yo. Fomatè yo ka itilize videyo yo pandan fòmasyon an epi aprè fòmasyon an pou ranfose pwèn kle yo sou chak tèm.

## Rezime tèm yo

TÈM	DESKRIPSYON VIDEYO YO
1. <b>Akeyi elèv yo</b>	Lè timoun yo ap rive, salye chak elèv endividyèlman, ak yon gwo souri epi anpil enèji pozitif lè y ap antre nan klas la.
2. <b>Mesaj enspirasyon pou aprantisaj sosyo emosyonèl</b>	Ekri yon mesaj pou enspire timoun yo sou tablo a chak jou pou pouse aprantisaj sosyo emosyonèl yo.
3. <b>Pran responsabilite nan klas</b>	Lè w bay elèv yo yon tach pou antretyen klas la, yo santi yo gen plis valè, yo devlope yon sans responsabilite, epi yo kontribye nan bon fonksyonman kòminote klas la (epi sa rann travay ou pi fasil tou!).
4. <b>Boul lapawòl</b>	Itilize yon boul lapawòl pou elèv yo pase youn bay lòt pou ede timoun yo kontwole ki lè yo ka pale epi ki lè yo fèt pou yo tandè yon lòt moun.
5. <b>Bese nan nivo elèv yo</b>	Sikile souvan nan tout sal la. Kominike ak elèv yo lè w sikile nan klas la : bay fidbak, fè yon ti jès ankourajman, epi ede timoun yo prete atansyon.
6. <b>Aktivite tranzisyon aprè rekreyasyon</b>	Lè timoun yo retounen sot nan rekreyasyon, souvan yo gen anpil enèji. Anseyan an ka itilize yon aktivite tranzisyon pou kalme elèv yo.
7. <b>Respire byen fò</b>	Lè elèv nou yo santi yo move, yo fache, fè yo sonje pou yo enspire ak ekspire dousman pou kalme lespri yo.
8. <b>Aktivite mouvman</b>	Lè timoun yo chita pandan lontan epi yo kòmanse ap jwe ak pedi atansyon yo, ou ka itilize yon aktivite mouvman tranzisyon pou bay yon ti enèji !
9. <b>Mande elèv yo gide aktivite</b>	Bay elèv yo chans pran lidèchip lè y ap dirije aktivite jwèt, aktivite tranzisyon, oubyen yon pati nan rankont matine a.
10. <b>Panse pozitif</b>	Lè timoun yo santi santiman negatif tankou fache, tris, fristre, nou ka ede yo chanje emosyon yo ak panse pozitif.
11. <b>Ankouraje yon mantalite kwasans</b>	Mantalite kwasans se yon mòd panse ki fè timoun nan kwè li kapab devlope kapasite li, konpetans li, entelijans li, lè li fè jefò, lè li antrene tèt li, lè li itilize bon estrateji epi lè li mande èd lòt moun lè li bezwen.

## 1. Akeyi elèv yo

Tan li dire : 00:33

**Ki sa teknik sa a ye ?** Salye elèv ou yo endividyèlman, ak yon bèl souri epi anpil enèji pozitif lè yo antre nan sal klas la chak maten.

**Ki lè pou nou akeyi elèv yo ?** Chak maten lè timoun yo kòmanse antre nan klas ou a.

**Pou ki sa li enpòtan ?** Lè w akeyi elèv yo kon sa, sa ap fè yo santi yo gen valè epi sa ap kreye yon klima pozitif. Yon klima pozitif enpòtan paske elèv yo santi yo kontan. Lè yo santi yo kontan, yo panse pi pozitif. Yon relasyon pozitif ant elèv ak anseyan se baz yon klima pozitif.



## 2. Mesaj enspirasyon pou aprantisaj sosyo emosyonèl


Tan li dire : 00:46

**Ki sa teknik sa a ye ?** Ekri yon mesaj chak jou pou timoun yo sou tablo a pou ba yo enspirasyon epi ki konekte ak aprantisaj sosyo emosyonèl. Ou gen plis chans kòmanse jounen an sou yon bon pye epi nouri motivasyon timoun yo paske ou ka ranfòse mesaj sa a pandan tout jounen an.

**Ki lè pou ou sèvi ak mesaj enspirasyon ?** Ekri yon mesaj sou tablo a chak maten. Esplike ki sa mesaj la vle di, ki jan pou li enspire konpòtman yo. Ranfòse l pandan jounen lè gen timoun ki montre konpòtman w ap chèche nan mesaj la.

**Pou ki sa li enpòtan ?** Yon mesaj enspirasyon chak maten ka motive elèv yo epi ede yo devlope karakteristik nou ta renmen wè nan yon bon lidè, nan yon moun kòrèk. Men kèk egzanp :

- Jodi a, m ap chèche elèv ki gen anpil pasyans ak lòt yo.
- Jodi a, m ap chèche elèv ki pwopoze tèt yo pou lidè yon aktivite.
- Jodi a, m ap chèche elèv ki gen kouraj pou poze kesyon.
- Jodi a, m ap chèche elèv ki pa pè di yo pa konprann.




### 3. Pran responsabilite nan klas

Tan li dire : 00:45

**Ki sa teknik sa a ye ?** Lè ou bay chak elèv yon tach oubyen yon travay nan klas la, yo santi yo gen plis valè, yo devlope yon sans reponsabilite, epi yo kontribye nan kòminote klas la (pandan sa rann travay ou pi fasil tou !). Se pou ti fi ak ti gason gen tou pa yo pou fè tout tach nan sal la pou elèv yo pa panse gen travay fi ak travay gason.

**Ki lè pou w fè timoun pran responsabilite nan klas la ?** Chanje wòl chak elèv chak semenn, bay lis travay chak moun gen pou fè a chak lendi.

**Pou ki sa li enpòtan ?** Lè nou bay timoun yo travay pou yo fè, yo santi yo gen plis valè, yo devlope yon sans responsabilite, epi yo kontribye nan kòminote klas la.



## 4. Boul lapawòl

Tan li dire : 00:40

**Ki sa teknik sa a ye ?** Itilize yon boul pwofesè a ap pase bay timoun ki gen yon bagay pou yo di klas la epi elèv yo tou gen pou yo pase youn bay lòt. Boul lapawòl la ede timoun respekte lòt elèv yo lè yo gen lapawòl, epi kontwole lè yo ka pale epi ki lè yo fèt pou yo tande yon lòt moun.

**Ki lè pou nou sèvi ak boul lapawòl ?** Tout tan li posib (espesyalman lè gen yon diskisyon nan klas la epi anpil timoun ta vle pale ak patisipe). Sa ka yon aktivite ki fèt andedan klas la oswa nan lakou lekòl la.

**Pou ki sa li enpòtan ?** Li ede timoun yo konprann epi sonje pou yo pa pale menm lè ak lòt yo, epi pran tan pou tande sa lòt yo ap di.





## 5. Bese nan nivo elèv yo

Tan li dire : 00:43

**Ki sa teknik sa a ye ?** Sikile souvan epi nan tout sal la. Kominike ak elèv yo pandan w ap sikile : bay fidbak, fè yon ti jès ankourajman, epi ede timoun yo rete konsantre sou travay yo. Lè w ap sikile nan klas la epi w ap bay yon elèv fidbak, bese nan nivo elèv la pou w ka pi byen konekte avèk li epi fè li santi l li an sekirite.

**Ki lè pou ou bese nan nivo elèv yo ?** Tout tan sa posib, espesyalman pandan travay endividyèl oubyen an ti gwoup.

**Pou ki sa li enpòtan ?** Nou sikile nan yon sal klas pou 2 rezon prensipal : konpòtman (redui konpòtman negatif, ogmante bon konpòtman), epi kontwòl kalite travay elèv yo (asire w elèv yo te byen konprann tach la, bay elèv yo fidbak).

Lè anseyan an ap sikile li bezwen respekte kritè sa yo:

- Sikile souvan, epi fè sa avèk yon objektif
- Kominike ak elèv yo (pale avèk yo, koute yo)
- Pozisyone w pou wè tout moun.
- Bese nan nivo elèv la



## 6. Aktivite tranzisyon aprè rekreyasyon

Tan li dire : 00:44

**Ki sa teknik sa a ye ?** Lè timoun yo retounen sot nan rekreyasyon, souvan yo gen anpil enèji epi w oblije itilize yon aktivite tranzisyon pou kalme elèv yo pou ede yo reprann angajman yo nan travay aprantisaj la.

**Ki lè pou w fè aktivite tranzisyon ?** Aprè rekreyasyon.

**Pou ki sa li enpòtan ?** Li enpòtan pou anseyan an mete woutin nan orè travay la paske elèv yo santi yo pi an sekirite. Lè timoun yo ka predi sa ki pral rive, yo santi yo an konfyans. Woutin yo redwi move konpòtman paske atant yo klè pou timoun yo. An menm tan, lè anseyan an fè yon seri jès ki repete chak jou pou eksprime ki sa li atann kòm konpòtman, estrès pa li redui paske li bay mwens konsiy, epi jesyon klas la ap pi efikas. Aprè poz rekreyasyon an, ou ka ede elèv yo konprann ak jere emosyòn yo epi kalme enèji yo si w ba yo yon ti tan pou desine oubyen ekri. Kite yo desine lib epi ekri lib san ou pa ba yo konsiy sou sa yo ta dwe desinen ak ekri. Sa ede kiltive kapasite timoun yo pou pran bon desizyon. Desine lib ak ekri lib ka ede yon anseyan paske li pa oblije bay konsiy aprè rekreyasyon (se yon woutin). Epi li ka pran tan an pou prepare pou leson k ap suiv la.



## 7. Respire byen fon

Tan li dire : 00:55

**Ki sa teknik sa a ye ?** Lè elèv nou yo santi de santiman fò, fè yo sonje pou yo enspire ak ekspire dousman pou kalme yo. Teknik respirasyon an ap bon pou nou tou, kòm anseyan, paske l ap ede nou jere emosyon pa nou !

**Ki lè pou w fè respirasyon ?** Nenpòt lè w wè yon elèv gen santiman k ap dominen li tankou tristès, kolè, eksitasyon e latriviye. Ou ka tou itilize respirasyon ak tout klas la lè yo manke konsantrasyon oubyen yo twò chofe.

**Pou ki sa li enpòtan ?** Respirasyon pwofon ede tout moun kalme lè yo gen santiman fò k ap dominen yo. Si timoun yo ak anseyan yo konn jere estrès ak emosyon pa yo, yo ka aprann pi byen epi y ap gen yon pi bon relasyon youn ak lòt moun.



## 8. Aktivite mouvman

Tan li dire : 00:47

**Ki sa teknik sa a ye ?** Lè timoun yo chita pandan lontan epi yo kòmanse ap jwe ak pedi konsantrasyon yo, ou ka itilize yon aktivite tranzisyon pou ede yo reprann atansyon yo epi dirije konsantrasyon yo !

**Ki lè pou nou fè aktivite mouvman ?** Lè w gen yon tranzisyon ant matye yo, lè elèv yo chita twòp, lè yo fatige, oswa nenpòt lè yo manke konsantrasyon.

**Pou ki sa li enpòtan ?** Li difisil pou elèv jere enèji yo lè gen yon tranzisyon, oubyen yo chita twòp, yo fatige. Gen plizyè ti jwèt ki ka ede timoun yo jwenn plis enèji ak motivasyon nan lè sa a. Yon anseyan fèt pou li obsève enèji timoun yo epi decide ki lè yon jwèt ka kreye plis enèji apwopriye.

Egzanp jwèt yo:

- Tanpèt lapli
- Tanbou modèl
- Naaa, naaa
- Friz !
- Mari Anj di
- Miltip
- Miwa



## 9. Mande elèv yo gide aktivite

Tan li dire : 00:47

**Ki sa teknik sa a ye ?** Bay elèv yo chans pran lidèchip pou yo dirije aktivite jwèt, aktivite tranzisyon, oubyen yon pati yo nan rankont maten an.

**Ki lè pou nou bay elèv lidèchip ?** Lè w fè sèk maten, nan aktivite tranzisyon, e latriye.

**Pou ki sa li enpòtan ?** Lè elèv yo gide aktivite yo, yo gen chans devlope kapasite lidèchip epi yo santi yo gen plis valè nan klas la.



## 10. Panse pozitif

Tan li dire : 01:15

**Ki sa teknik sa a ye ?** Lè timoun yo gen santiman negatif, nou ka ede yo chanje emosyon negatif yo. Ankouraje yo fème zye yo, fè yon ti respirasyon, epi imajine yon moun oubyen yon kote ki fè yo santi yo gen kè yo kontan ak kè poze .

**Ki lè pou w sèvi ak panse pozitif ?** Lè timoun yo gen santiman negatif.

**Pou ki sa li enpòtan ?** Panse nou ak konpòtman nou mache ansanm. Pou elèv yo ka chanje konpòtman yo, fòk yo chanje panse yo anvan. Santiman yo vini natirèlman. Anpil fwa nou pa ka kontwole premye panse ki vin nan tèt nou, nou ka chanje sa nou fè ak sa ki pase nan tèt nou. Nou ka ede timoun yo chanje yon panse negatif ki pase nan tèt yo pou yo ranplase li ak yon panse pozitif. Sa ka ede timoun yo konpote yo nan yon manyèrè pozitif.



## 11. Ankouraje yon mantalite kwasans

Tan li dire : 00:53

**Ki sa teknik sa a ye ?** Mantalite kwasans se yon fason panse ki fè elèv la kwè li kapab devlope kapasite li, konpetans li, entelijans li, ak pèsèverans. Se yon fason pou nou ede elèv yo konprann menm si gen bagay yo pa ka fè kounye a, yo ka toujou kontinye pratike pou yo rive fè konn fè yo pi devan. Ede timoun yo sispann di : “Mwen PA kapab”. Kòmanse mande yo di “Mwen POKO kapab”. Mantalite sa a ede yo bati konfyans nan tèt yo epi ede timoun yo konsantre sou fè jefò.

**Ki lè pou nou sèvi ak teknik sa a ?** Lè timoun yo ap aprann yon nouvo bagay, lè timoun yo gen difikilte pou yo konprann yon konsèp, epi chak fwa ou ka bay ankourajman ak lwanj pou jefò timoun yo.

**Pou ki sa li enpòtan ?** Anseyan yo ka devlope yon mantalite kwasans lakay timoun yo pou enfliyanse elèv yo nan fason pozitif. Mantalite kwasans ankouraje elèv yo pou yo kwè nan tèt yo epi fè plis efò nan travay yo. Mantalite kwasans ede yo reflechi sou erè yo fè epi itilize nouvo estrateji k ap pèmèt yo reyisi.

